



KOLEKTIF JISTIS MIN

KJM

Email : kolektif_kjm2013@yahoo.com

Pòtoprens, Madi 10 Desanm 2019

10 DESANM ; JOUNEN ENTÈNASYONAL DWA MOUN

Kolektif Jistis Min(KJM)¹wete chapo byen ba nan memwa tout moun, fanm tankou gason ki te batay pou zòt rekonèt tout moun se moun, tout moun gen dwa pou viv tankou moun. Nan lokazyon jounen entènasyon Dwa Moun nan, KJM ap pote solidarite li bay tout pèp sou latè k ap reziste pou fè gouvènman yo, konpayi miltinasyon yo ak enstitisyon finansye entènasyon yo respekte dwa anviwonman yo ak dwa pèp yo genyen pou di non ak tout pwojè ki atake dwa fondamantal moun genyen yo tankou : Dwa lavi, Dwa Lasante, Dwa anviwonman, Dwa dlo, Dwa Latè, Dwa enfòmasyon ak patisipasyon elt...

KJM ap pwofite jounen sa pou denonse Konpayi Miltinasyon yo, Leta ayisyen ak Bank Mondyal ki pa sispann vyole Dwa popilasyon an genyen pou l enfòme sou danje eksplwatasyon min genyen sou lavi moun, bèt, tè, lè moun nap respire, sous dlo yo, agrikilti, sante, kilti ak anviwonman. Kidonk, pwojè eksplwatasyon min vyole dwa popilasyon an genyen pou l patisipe nan tout diskisyon sou yon seri pwojè ki konsène lavi yo ak demen timoun yo. KJM denonse manèv y ap fè pou foure nan gòj pèp ayisyen an yon Lwa minyè pou legalize tout vyolasyon dwa moun nan aktivite eksplwatasyon minyè yo.


Nan dat 10 Desanm nan, **KJM** ap envite popilasyon ayisyèn nan, tout òganizasyon sosyal yo tankou : òganizasyon ekolojis ak anviwonmantalis, òganizasyon dwa moun, òganizasyon peyizan, òganizasyon fanm yo **KANPE MIN** kont pwojè eksplwatasyon min metalik nan peyi a.

Wi ak lavi, NON ak eksplwatasyon min metalik !!!

Pou KJM

Franndy LESPERANCE

Peterson DEROLUS



¹ KJM se yon inisyativ PAPDA, MODEP, Tèt Kole Tipeyizan Ayisyen, POHDH, CE-JILAP, Batay Ouvriye ak GARR pran pou mache kontre tout òganizasyon, enstitisyon ak patriyòt ki kwè richès peyi dAyiti dwe anba kontwòl pèp ayisyen an epi pare pou batay kont piyaj resous natirèl nan peyi dAyiti.

Batay kont eksplwatasyon min se yon batay pou pwoteje lavi ak anviwonman peyi a : ann **KANPE MIN !!!**